

## **Kòd Konpòtman nan Enspeksyon**

*Lè ou se yon pwopriyetè biznis, ou gen dwa pou:*

1. Enspektè yo trete ou avèk koutwazi epi yon fason ki pwofesyonèl. Tanpri trete enspektè yo menm jan an tou.
2. Enspektè ki prezante tèt yo ak objektif enspeksyon an lè yo rive.
3. Enfòmasyon sou kantite tan enspeksyon an ap pran.
4. Enspektè ki byen konnen djòb yo, ki onèt ak san patipri ki aplike règ ajans lan menm jan an.
5. Enfòmasyon sou règ vil la pou ijyèn manje, vyolasyon ak solisyon ki posib yo.
6. Enstriksyon pou konteste vyolasyon (yo) nan Divizyon Odyans OATH (OATH Hearings Division) lan.
7. Enspeksyon ki fèt san deranjman nan mezi sa posib, pandan w ap toujou kite enspeksyon an fèt.
8. Repons pou kesyon rezonab konsènan enspeksyon an ak enstriksyon pou wè rezilta yo. (Si ekipman an te deplase oswa demonte pandan enspeksyon an, enspektè a ap retounen ekipman an oswa l ap re-monte li.)
9. Aksè nan enfòmasyon nan lang ki pa Anglè. Si li nesesè, enspektè a ap itilize yon pwogram èd nan lang pou kominike avèk ou.
10. Chans pou fè kòmantè, san non ou oswa san laperèz vanjans, sou pèfòmans oswa konduit enspektè a.

4.2023 Haitian Creole



Pou soumèt remak konfidansyèl sou enspeksyon yo, ale nan sitwèb **[nyc.gov/customer-survey](https://nyc.gov/customer-survey)**.